

Lojik èd : pwojè ak odit an Ayiti

Scott Freeman
American University

Pandan rechèch mwen yo, anpil moun, nan mòn kote m pase an Ayiti, mande m : « ki pwojè ou genyen pou nou ? » Paske mwen se yon blan, anpil moun pran mwen pou yon gwo responsab nan ONG. Yo pa ka imajine mwen se yon antwopològ. Nan vil kou nan mòn, fanm tankou gason, timoun kou granmoun, tout ap pale m de pwojè. An fèt, mo « pwojè » nan bouch tout moun. Epi tou, ONG nan zòn yo te gen menm enterè ak moun yo: jwenn pwojè. Men pwojè bay yon lòt benefis pou ONG yo. Pou ONG ak òganizasyon kominotè yo, enterè yo gen nan pwojè se jwenn fon pou fè òganizasyon yo fonksyone.

Plis mwen tande pawòl sou pwojè, plis mwen vin konsyan de enpòtans *pwojè* genyen an Ayiti. Men reyalite pwojè rive pi lwen ke Ayiti : se yon konsèp mondyal. Pwojè se yon gwo mòso nan sa yo rele kilti administratif (contemporary administrative culture). Pwojè gen syans pa li, li gen pwòp filyè ak karyè pwofesyonèl pa li. Pa egzanp, lekòl biznis gen Metriz (MS) nan jesyon pwojè. Anons pou direktè pwojè, kowòdinatè pwojè, administratè pwojè, fè kenken sou rezo sosyal *Devex* ki espesyalize nan devlopman. Eksplozyon ki gen nan domèn nan kreye nouvo pwofesyon ak nouvo pozisyon. An fèt, toupatou nan mond lan, nan òganizasyon yo ak nan biznis yo, zafè pwojè a ap vale teren.

Nan atik sa a, m vle ale pi lwen ke kesyon ONG yo. Mwen prefer pale de yon fòm finansyè ki ka ede nou konprann sitiwayon Ayiti a. Jodi a, devlopman pase pa yon dispozitif administratif ki rele pwojè. Moun ki travay nan domèn èd imanite pale de travay yo nan lide pwojè, e benefisyè yo konsyan de limit fom èd sa a. Yon « pwojè », se yon dispozitif administratif ki pa enplike sèlman ONG, Leta ak miltinasyon : sa konsène tou lyen ant donatè, soutretan, nan tout fòm ak tout nivo, epi benefisyè yo. Pwojè, nan sans sa a, vin parèt kou yon asanblaj ki ta sanble yon aktè aparantye ki enplike nan pwosesis ak pratik devlopman an.

Papye sa a pral egzamine èd nan domèn anviwònman atravè yon analiz kritik sou kesyon konsèvasyon sòl ak relasyon kesyon sa a genyen ak dispozitif yo rele pwojè a. Mwen pral montre kòman pratik inefikas nan domèn konsèvasyon sòl an Ayiti vin miltipliye akòzyo depann de pwojè. Premyèman, nou pral wè kisa ki yon pwojè. Apre sa, mwen pral analize sak yon pwojè ak fason yo evalye yo, kijan pwojè enflyanse estrateji ak oryantasyon bò kote moun tankou òganizasyon nan mòn yo. Nap rezève yon dènye moman pou nou evalye kòman ribrik viziblite nan odit pwojè yo enflyanse aktè yo nan fason pwojè a dewoule. Nan kad travay la, mwen fè ipotèz ke pwojè obeya yon lojik ki chanje fòm èd pran e ki miltipliye inegalite nan mòn peyi Dayiti. Rechèch pou atik sa a fèt nan lane 2012, epi nan lòt vizit nan lane 2015. Pandan vizit sa yo, baz mwen te nan depatman Sid la. Mwen t ap obsève 2 kote : nan Leje, yon lokalite kote yon inisyativ devlopman baze : lòt zòn nan se Dabòn, nan Leyogàn. Nan Dabòn mwen fokalize sou plizyè pwojè konsèvasyon sòl ke ONG asosye ak yon inisyativ pi laj. Apwòch mwen itilize a baze sou obsèvasyon patisipant : mwen chita pale ak donatè, travayè ONG, agwonòm, epi plantè yo tou.

ONG ak Pwojè an Ayiti

« Envazyon » ONG an Ayiti chanje pèsepsyon moun genyen de peyi a. Pandan lontan, kominote entènasyonnal la konsidere Ayiti kòm « peyi ki pi pòv nan emisfè nò a », men sa gen lè chanje : kounye a, nou plis tande yo pale de « Ayiti, peyi 10 000 ONG ».

Nan lane 1980 yo, Etazini te bezwen lage èd sou rejim Duvalier a. Yo te fè sa sitou atravè Òganizasyon Volontè Prive yo (« Private Voluntary Organizations », an angle). Ak òganizasyon sa yo ki pa nan Leta, kominote entènasyonal la te gen plis kontwòl sou èd enstitisyon pa yo te bay, paske se pa te gouvènman an ki te ap pran desizyon ni jere èd yo. Mòd jesyon sa a, se pa pou gouvènman Ayisyen an sèlman yo fè li. Modèl neyoliberal ki ap domine nan lemond redwi kapasite Leta yo pou yo investi nan sèvis sosyal tankou edikasyon ak lasante. Rediksyon sa yo ak apliksyon plan ajisteman estriktirèl yo (« structural adjustment », an anglè) ouvri yon brèch pou òganizasyon ki pa nan Leta yo fofile (Leys 1996).

Dapre kèk analiz kritik, ONG yo reprezante yon gouvènman pèp la pa chwazi (Lwijijs, 1993). Apre tout refòm neyoliberal yo, ONG se repons a bezwen popilasyon yo. Nou tandè depi kèk tan, « Ayiti ouvri pou biznis » (« Haiti is open for business », an anglè), men depi lontan oryantasyon estrateji èd entènasyonal yo ouvè peyi a tankou yon mache. Nan sistèm sa a, èd yo pa pase nan men gouvènman Ayisyen an. Nan sistèm sa a, repons yo depaman ak bezwen yo (Schuller 2012 : Schuller 2009). Apre tranblemanntè a, modèl sa ki mache san Leta, san pèp, fè repons a bezwen yo tounen yon lòt dezas (Katz 2013). Si nou byen gade travay ONG yo anvan ak apre tranblemanntè a, nou wè yon neglijan sistematik kote sèvis yo pa satisfè bezwen yo. Poutan, menmsi benefis yo pa ale jwenn « benefisyè » yo, anplwaye ONG yo toujou touche salè yo. Mòd pratik sa yo kreye yon sistèm èd ki ogmante inegalite nan sosyete a (Schuller 2009). Absans Leta a ak èd ki bay nan patipri, kreye yon gwo bezwen (pou pwojè) nan zòn riral yo. Men, jwenn pwojè se yonn, jwenn rezilta se de.

« Pwojè » nan kouran akademik yo

An Ayiti tankou lòt kote, sa a yo rele devlopman jounen jodi a sanble yon makòn pwojè. Pwojè se yon zouti administratif ki gen limit tanporèl, finansyè, akespasyal li. Albert Hirschman ekri yon kritik klasik sou pwojè. Kritik sa a pa gade pwojè nan fòm li, men sitou fason endistri devlopman an mete konfyans

nan pwojè. Hirschman (2014 [1967]) gade fason senplis moun ki travay nan èd konprann pwojè. Imaj « men envizib » ki ap gide a dekri kòman konsepsyon ak ekzekisyon pwojè devlopman parèt « *san defi*, paske travay jerans lan sanble pi fasil, pi senp ke li ye an reyalyte » (2014 [1967]: 12). Pou kontinye nan liy Hirschman te koumanse trase a, nou wè pwojè gen yon kalite ki kache : reyalyte a senplifye, e pwodui yon « inyorans ». Fòm pwojè a ouvri yon pèspektiv ki fasilite planifikasyon ak evalyasyon.

Judith Tandler (1977) fè analiz endistri èd la nan yon sans pi laj. Li gade kòman pwojè gen lavi ak pwòp lojik li, e sa prezaje « Teyori Aktè Rezo » TAR (Network Actor Theory an angle) ane 2000 yo (Mosse 2005 : Lewis and Mosse 2006 : Latour 2005). Tandler di ke rezilta konkrè (*output*) yon pwojè gen relasyon ak tip pwojè a. Poutèt sa a, yo seleksyone pwojè sou baz rezilta yo ap tann.

David Mosse, ki baze travay li sou analiz Bruno Latour (1996), pwopoze yon platfòm pou konprann *tout* aktè yo nan kontèks aktyalizasyon pwojè yo. Pou Mosse, li enpòtan pou nou konsidere kòman gwoup aktè yo kreye lyen ant yo : konsidere yon « tradiksyon » ki mete ansanm tout aktè yo anba yon istwa ou yon diskou komen. Konsa, istwa sa a kenbe divès gwoup aktè ansanm nan yon menm rezo. Menm jan an, Anna Tsing kontribiye ak lide ke « yon pwojè se yon diskou enstitisyonnalize ki gen konsekans sosyal ak materyèl » (2001 : 04). Pwojè antan ke gwoup aktè divès rive kenbe, atravè yon istwa, tradiksyon, oswa yon diskou. Pèspektiv sa a ede nou konprann kòman lòt aktè rive travay nan lojik biwokrasi pwojè a.

Egzijans sistèm pwojè a vin yon reyalyte lè ONG itilize « logframes » (yon zouti *konsepsyonnel* kouran nan ONG), fè evalyasyon, e pwodui finalman yon rapò sou travay ki fèt. Men se odit la ak evalyasyon an ki ka fè yon pwojè vin yon « siksè ». San « benediksyon » odit la, bayè yo pèdi konfyans nan ONG yo akòganizasyon debaz yo, e sa ka anpecheòganizasyon yo jwen plis finansman. Evalyasyon an pa chita sou jan yo òganize kontabilite finansmanyò, men pito se soulojik odit finansye a. Tout moun kitravay nan domèn èd rekonèt sa, ni moun ONG yo

ni benefisyè yo. Konsa, odit ap enflyanse aksyon benefisyè yo ak moun ONG yo, jiskaske nou rive fè zafè odit sa a rantre nan nanm moun yo, sa ki te vle di : kreye yon *kilti odit* (Strathern 2000 : Power 1997). *Kilti odit* fè referans a efè sosyal, pa teknik ak prensip evalyasyon an, yon evalyasyon finansyè ki an menm tan lwen mond kontabilite finansyè a (Cris Shore 2008). Rasin odit finansyè a kreye yon pakèt pratik sosyal ki ranmase kontabilite finansyè a ak kesyon etik. Pratik odit la gen pwòp metòd li, e an deyò pwosedi odit yo, okenn lòt lojik pa admisib. Anndan pratik sa yo gen dinamik pouvwa ki fòme yon seri relasyon : « yon odit se esansyèlman yon relasyon pouvwa ant moun ki egzamine a ak moun ki objè obsèvasyon an » (Shore and Wright 2000 : 558). Nan analiz entèvansyon agwo-anviwonman an Ayiti, odit la gen enfliyan tout bon vre sou planifikasyon, aplikasyon ak evalyasyon.

Magouy Odit la

Odit gen yon limit nan tan ak lespas : konsa odit gen kèk obligasyon ki ka kraze objektif konsèvasyon sòl yo. Nan mòn debwaze ak degrade nan peyi Dayiti, ONG konstwi kanal kontou depi nan lane 1950 yo. Kanal kontou se yon estrikti ki fèt nan kontou yon mòn, e ki antoure ak pyebwa. Kanal kontou yo se yon nòm ki defini kijan pou kanal ak ti mi dwe fèt nan pant mòn yo. Objektif kanal kontou, se pou kenbe sòl la. Malerezman, estrikti yo pa rive atenn objektif sa a nan zòn Sid peyi a. Itilize o nivo mondyal kòm estrateji konsèvasyon sòl, kanal yo dwe ralanti sòl ak dlo, e pyebwa ki plante nan kanal yo dwe kenbe yo. Kanal kontou, se pa yon fenomèn nèf an Ayiti, e konsa yo pa sòti nan lojik pwojè a. Apre yon pwojè pilòt UNESCO te reyalize Ayiti an 1946 (youn nan premye pwojè UNESCO nan mond lan), degradasyon sòl vin konsidere kòm youn nan pi gwo pwoblèm pou Ayiti (Watras 2010). Kòm rezilta, kontwòl ewozyon vin tounen yon entèvansyon kle pou pwojè ekstansyon agrikòl. Entèvansyon sa yo baze sou lide ke plantè yo responsab degradasyon sòl la, e solisyon pou pwoblèm yo rive nan valiz ekspè entènasyonal agrikòl yo (Pretty and Shah 1997). Pou Ekspè yo, sa yo te bay plantè yo fè a

se pa li yo fè. Apre kèlke ane, kanal yo vin disparèt, preske kòm si yo pat la ditou. Olye yo pran yon pèspektiv alontèm, evalyasyon an gade sèlman konstriksyon kanal yo. Sa vle di, si yo konstwi, pwojè a se yon reyisit. Men depi entwodiksyon kanal kontou yo, pa gen anpil plantè ki chwazi konsève estrikti yo apre yo fèt (Erasmus 1952 : White 1992). Malgre aksyon plantè yo, e malgre plizyè agwonòm ki pa dakò ak sistèm sa a, kanal kontou kontinye miltipliye nan zòn riral yo.

Jude¹, yon agwonòm ki travay ak yon òganizasyon debaz nan zòn Sid la, mete aksan sou fason kanal kontou rive « reyisi » gras a rapò finansyè. Jude te Prezidan Òganizasyon pou Devlopman Leje (ODL), yon òganizasyon kominotè ki travay nan agrikilti akkonstrikasyon. Antan ke agwonòm, Jude konn jere plizyè pwojè pou ODL. Òganizasyon sa a genyen pèsònèl administratif, de (2) agwonòm ak yon pòt pawòl. ODL te ekri e jwenn finansman yon pwojè nan ONI (Òganizasyon Nasyonzini)pou konstwi kanal kontou nan kek mòn nan zòn riral Leje. Nan 2012, ODL fè yon pwojè mi beton pou ONI. Apre sa, yon moun ONI di Jude yo pral gen yon konkou pou pwojè anviwonman nan Leje. Nan kontèks devlopman Ayiti, ODL bezwen pwojè nan men donatè yo pou kontinye travay yo. Nan kad sa a, ODL bezwen pwojè li yo « reyisi » pou li kapab kontinye jwenn plis pwojè. Konsa, òganizasyon an ap kontinye mache, e moun ki ap travay ladan ap gen plis travay.

ODL te peye yon ti òganizasyon plantè ki rete nan Leje pou fè travay kanal kontou yo. Gwoup plantè yo t ap fouye kanal ak plante pyebwa ki ka kenbe kanal yo. Jude te gen espwa ke travay plante ak konstriksyon kanal yo tap fè yo jwenn yon pwojè kap reyisi, e konsa ONI t ap wè pwojè a reyisi, li t ap bay plis fon, e sa t ap louveri posibilite pou plis pwojè. Jude dekri estrikti pèyman an konsa : Nan yon premye tan , « yo ba w 50 %, nan yon lot tan 40 %, e lè pwojè a fini yo bay 10 % ki rete a. » 10 % an ap itilize pou kouvri kelke det epèmèt òganizasyon an fonksyone annatandan yo jwen yon lòt pwojè.

1. Tout non ak kote ki site nan atik sa se non envante pou pwoteje idantite moun yo

Pwojè ODL la pat pase kòm Jude te prevwa li a. Apre twa (3) mwa, pwojè a rive nan limit li, yon reprezantan ONI vini pou evalye travay ODL la. Plizye ti pyebwa ki te plante te mouri paske nan ete 2012 te gen yon gwo sechrès. Depi reprezantan ONI wè pyebwa ki mouri, li di ODL pat konplete tèm pwojè a. Li di Jude, « fok nou wè pyebwa yo ». Donk ONI refize bay dènye 10 % finansman ke ODL te dwe resevwa a. Men, Jude te bezwen 10 % sa a : nan ekzekisyon pwojè a, Jude ak ODL akimile dèt nan kominote a. Nan yon jefò pou reklame dènye 10 % a, Jude te vle replante pyebwa pou pemetevalyasyon an reyisi.

Jude te envite mwen patisipe nan replante pyebwa ak li menm e 2 lòt manm ekip li a. Li enpòtan pou nou konprann ki objektif travay sa a. An verite, plantè ak mèt tè yo preske absan pandan jounen sa a. Pandan apremidi a nan vizit nou, nou fè travay la preske poukont nou. Malgre Jude di li deja pale ak lidè kominote a, nou pat wè anpil patisipasyon (dezotwa moun vini pale avèk nou, e youn rete pou li ede nou plante kèk ti pyebwa). Kèk rezidan te pwofite de okazyon pou pale avèk nou. Chak moun Leje ki pale ak nou kritike sitiyoasyon an. Yon granmoun fanm vini di nou ke lontan, moun pat pèmèt bèt manje tout ti pyebwa yo. Nou te wè sa nan premye chan nou vizite a : mèt tè a pat abite nan kominote a e tout moun itilize tè a pou elvaj. Konsa, bèt yo manje ti pyebwa ke Jude ak ekip li a te plante nan kanal kontou yo. Dam lan di nou tou, nou tap wont si nou t ap desann bò larivyè a, paske nou t ap wè kote moun koupe pye fwi pou fè chabon.

Moun t ap pase obsève nou, Jude te pwofite di yo ke yo dwe pwoteje ti pyebwa nou t ap plante yo. Men, li pat di sa nan yon objektif anvwonmantal. Jude di ke pyebwa t ap ede sòl la, se agiman prensipalpou pwojè a. Nan plizyè lòt konvèsasyon, Jude pale sou enterè l nan ede plantè riral yo, men nan ka sa a, li te plis pale sou reyisit pwojè a, yon efò ki pat bezwen angajman plantè yo, ni lavi alontèm kanal yo. Nan moman sa a, Jude espere kiltive senpati moun yo pou kontinye pwojè a e pwòp travay li.

Nan pwochen jou yo, li parèt pi evidan travay nou motive pa reyisit pwojè a, e pa nan solisyon ewozyon sòl la alontèm. Nou

monte nan machin Jude e kondwi sou wout pou rive yon lòt zòn nan Leje. Nou rive jwenn Ti Danyèl, ki te Prezidan asosyasyon plantè soutretan pou fouye kanal yo. Apre yon trajè 20 minit, nou rive bò yon lekòl nasyonal ki te nan yon tèt mòn. Nan mòn sa a, byen lwen, nou ka wè kanal ke nou replante yè yo. Anba, liy kanal la fè yon demi-sèk nan mitan yon chan ouvri. Nou kite ti pyebwa nan tèt yo, e fè ti desann anba ak dezoutwa ti pyebwa alafwa, e itilize manchèt pou fouye ak plante. Pandan nou tap pran yon ti poz, Jude eksplike nou ke nou ap plante ti pyebwa sou bò reprezantan bayè fon yo ka wè pwogrè yo. Li di ekip nou an ak ekip Ti Danyèl la pa bezwen chache yon kouvèti total, men « konsantre nan tè vizib bò lari a ». Pou ekip Ti Danyèl la, li di pou yo sèlman kontwole zòn bò lari a. Efò replante pyebwa sa a pa òganize nan yon objektif enpak anviwonmantal, men pou n rive ak yon evalyasyon reyisi pou pwojè a.

Apre plizyè apèl ONI Jude finalman motive oganizasyon an pou re-evalye travay la. Nan mwa sektanm, Jude rele m ak bon nouvèl. Lè evalyatè ONI yo (Ayisyen ak etranje) wè ti pyebwa yo, yo di pwojè a reyisi. Konsa, yo bay Jude ak oganizasyon li an dènye 10% ki te rete pou pwojè a. Pou pwojè kanal la, pyebwa plante pou fè yon travay senbolik, pou egziste pa prensipalman pou konsèvasyon, men pou kontinwite pwojè a. Pyebwa pa bezwen rete plis pase kèlke mwa pou rive reyisi. Men malerezman pou Jude, nan kòmansman tout pyebwa yo pa konpòte yo jan yo te dwe konpòte, epi yo tou mouri. Pyebwa ki vizib, ki vivan, rive « pale » pou tout lòt pyebwa pwojè a (Callon 1986 : Latour 2005), e vin reprezante reyisit pwojè a. Pyebwa ki pa vizib, ki lwen lari ou ki mouri yo, vin disparèt nan yon sans. Ti pyebwa ki mouri ka montre kondisyon sechrès, yon mank jesyon. Men pyebwa ki vivan epi vizib yo pale ak yon vwa pi fò, e pou sa, tout dout te mete sou kote.

Multiplikasyon kanal kontou pat fèt paske yo konsève sòl, men paske yo « reyisi » kòm pwojè. Peryòd finansman an ka kout pou pwojè a (pwojè Jude rive 3 mwa). Men nan peryòd sa a, estrikti kanal fèt byen vit, e gen yon enpak ki vizib. Nan tout sa, se plantè nan zòn nan ki fè travay koupe tè a pou kanal yo. Yo touche yon

ti kòb pou fè travay sa a. Travay pou fouye kanal yo fasil pou kontwòl (konbyen moun yo peye nan pwojè sa a), sa ki pemèt vizibilite ak kontwòl finansye yo posib. Kantite pyebwa ki plante, kanal ki fouye, e moun kap travay pemèt yo mezire pwojè a. Vizibilite ak transfòmasyon aktivite yo bay yon fòm finansye ki fasil. Konsa, kanal la rive nan yon sètèn fason jwenn plis fon pou pwojè a. Revisit pwojè a enpòtan pou òganizasyon kap travay la. Ajans ki bay lajan an (ONI) wè nan kanal yo ak pyebwa yo yon revisit, sa ki pemèt yo debouse fon pwojè a pou satisfè donatè yo. Kanal yo pwodwi siksè tou pou ODL, òganizasyon an dwe pwodwi pwojè ki mache si yo vle jwenn plis pwojè e kontinye kòm òganizasyon. Tip evalyasyon sa a chanje fason pwojè a konsevwa epi avanse entèvansyon ki vizib, men petèt pa efikas.

Moman evalyasyon an

Moman evalyasyon an montre wòl, motivasyon ki vini ak enterè ki fasilite revisit. Nan kad sa a, nou wè toupatou nan lemond baze sou pwojè, e fason ke pwosesis evalyasyon an kreye kèk pratik pou fasilite revisit, epi an menm tan kache eksepsyon. Wòl « ekspè » ak « benefisyè » vin konkretize nan pwosesis verifikasyon an. Analiz aksyon aktè yo nan yon kilti odit (Strathern 2000 : Power 1997) pemèt nou konprann kòmman agwonòm, plantè, ak anplwaye ONG pa oryante sou konsèvasyon anviwonman an, men sou konsèp pwojè devlopman *oditab*. Objektif konsèvasyon an vin segondè.

Inisyativ Kòt Ayiti a (IKA) se yon inisyativ ak plizyè òganizasyon ki travay nan domèn degradasyon anviwonman ak rediksyon povrete. Nan inisyativ sa a, donatè Ewopeyen yo bay fon ONI, ki pemèt yo fè kontra ak ONG, ak asosyasyon kominotè yo. Fon an chanje men depi bayè fon an ak òganizasyon kontraktè, òganizasyon sou-kontraktè fini ak pwojè a, evalyasyon ak rapò a ale piwo nan konsèy direksyon. Ladann IKA, ATAD (Asosyasyon Travayè Damòn) kontrakte pa yon ONG entènasyonal, International Relief Organization (IRO). IRO kontrakte ATAD pou peye manm kominote a pou konstwi yon seri mi nan lide pou fè yon chan demonstrasyon ki tap montre

konsèvasyon sòl ak lot estrateji agrikòl. Lebèl, prezidan ATAD, yon prezidan dinamik e motive, travay nan pwojè a ak komite ekzekitif òganizasyon an. Yon plantè li menm, Lebèl te pran kontak ant ONG e asosyasyon an. IRO kontrakte ATAD atravè yon agwonòm IRO ki panse ATAD ta ka fè yon bon travay ak yon pwojè agwo-anviwònman. Nan chèn èd, ONI, IRO, e ATAD gen yon enterè nan evalyasyon travay ATAD la. ATAD gen enterè fè travay li byen pou jwenn plis konfyans ak posibilite pou plis pwojè. Agwonòm IRO yo te jere travay ATAD la, e ONU te jere travay IRO pou bay rapò donatè Ewopeyen an. Yon evalyasyon reyisi pwojè a ta nan enterè chak aktè nan chèn èd la.

Enterè sa yo se kle nan moman evalyasyon an. Yon evalyasyon pwojè ATAD te fèt yon maten nan ete 2012. Bonè chak jou nan mòn Damòn, moun chaje bèt, gwoup plantè ale fouye pistach, oubyen travay nan jaden nan mòn. Jou sa a, apre plantè yo ale travay nan tè a, yon machin blan janbe rivyè Damòn lan, ki nan moman sa pat gen anpil dlo. M tap chanje bèt ak yon zanmi nan zòn nan. Lè nou rive bo rivyè a, yon moun di nou ke gen yon aktivite ATAD ki ap fèt. Mwen rive bò yon ti pepinyè ATAD. An fas pepinyè a te gen yon bandwòl ki endike tout aktè kap fè travay la : ATAD, IRO, ak IHC. Machin blan an kanpe bò pepinyè a. Nelson (ki se yon moun ATAD fòme) ak papa l te kanpe bò machin nan. Nelson di kèk blan ak kèk Ayisyen vin vizite yo. Li mande : « Kòman yo rele òganizasyon ki bay lajan ? » Mwen te reponn : « Bayè fon ? » Li te di « Wi ! »

Pandan tan sa a, yon lòt gwoup desann nan pepinyè a: yon administratè Ameriken, 2 agwonòm IRO Ayisyen, yon agwonòm Ayisyen ONI ak yon administratè Ewopeyen ONI. Yo vin obsève ak evalye travay pepinyè ak mi ATAD te konstwi an. Mwen rekonèt yo paske mwen te pase yon tan avèk yo nan biwo. Nou ri lè nou kwaze andeyò biwo IKA a : antwopològ sou teren travay li ak travayè ONG ki t ap evalye.

Apre sa, 2 gwoup fòme an fas pepinyè a. Yon gwoup tap pale Kreyòl, senk (5) moun ATAD, lòt gwoup la, bò machin lan, te ap pale Franse, vizite yo, ak twa blan yo. Zafè lang isit se kle: vizite etranje yo ak agwonòm yo tap pale franse, pandan plantè Ayisyen

yo tap pale Kreyòl. Administratè ONI an, Manuel, kòmanse poze moun IRO yo kesyon. Malgre Manuel te rete Ayiti depi kèlke lane, li pat pale Kreyòl. Ak yon ti kaye nan men li, Manuel mande Leonel (yon chèf agwonòm IRO) an Franse poukisa IRO chwazi espas sa a pou pwojè a. Leonel esplike ke gen yon lòt agwonòm IRO ki te vizite espas sa anpil fwa e li te deside fè travay la nan espas sa a. Manuel pran nòt, e li kontinye poze Leonel kesyon: Kiyès ki patisipe? Èske ATAD travay ak manm leta? Leonel (ki travay nan biwo IRO, men pa nan zòn nan) reponn: « Wi, otorite lokal yo patisipe nan pwojè a. » Manuel te ekri repons lan, e nou kontinye mache. Pou chak kesyon, Manuel ekri repons, ki reprezante yon pèfòmans nan evalyasyon an, oubyen yon « teyat ».

Kounye a, 2 group yo reyini mache rive kote ATAD konstwi mi beton lan ravin nan. Pandan nou ap mache, Manuel te vle konnen plis sou yon aktivite katografi kominotè ki fèt nan kominote a depi kèk mwa. Leonel di ke IRO toujou gen kat la. Manuel kanpe Sandra, yon administratè Ameriken, e di l ke li dwe mete katografi a an rapò ak pwojè a, menmsi pa gen rapò ant yo. Manuel kontinye mande detay : « Èske lot òganizasyon nan zòn nan patisipe nan travay la ? » Leonel ak Sandra di ke sèl òganizasyon ofisyèl nan zòn nan, se ATAD ak yon lòt. Men Lebèl di : « Non, gen anpil lòt òganizasyon. » Manuel, kounye a, vin kesyone Lebèl dirèkteman, li mande li : kijan lòt òganizasyon sa yo? Lebèl di ke manm nan lòt gwoup yo resevwa opòtinite pou travay nan pwojè a nan fouye oubyen netwaye espas.

Nan jan li ap poze kesyon yo, Manuel fè anpil efò pou li konprann repons yo e pou li verifye aspè sa ki ap di yo. Malgre patisipasyon Leta ak kominote a pat fasil pou wè, li poze kesyon sou sa, epi li anrejistre li jan li ye a.

Rasin mo odit soti nan *audire*, mo laten ki vle di « tande » (Shore and Wright 2000). Nan egzanp anwo a, tande vin yon evènman piblik, yon pwosesis long epi konplèks. Li vin yon bagay ke nou ka tande, sa ta vle di li vin lizib (Scott 1998). Nan pwosesis sa a, nou riske pa tande oubyen wè tout bagay, e sèten aspè pwojè a vin kache. Nan « rityèl verifikasyon » sa a (Power

1997), kèk objè vin vizib, kèk lòt rete envizib. Nan moman sa yo, aktè a, jan Latour konprann li, vin yon aktè nan sans teyat : li jwe wòl yo ba li, li preske itilize yon ekriti. Men nan kèk pwèn, aktè yo re-ekri tèks la, konsa, fason ke odit fèt vin tounen yon fabrikasyon, fabrikasyon sa vin tounen yon pèfòmans vizib.

Gwoup evalyasyon an kontinye vanse sou wout la, li rive nan yon ravin ki gen mi beton : kèk baryè ATAD konstwi pou anpechedlo ale ak tè a. Gwoup la kanpe pou egzamine premye mi an ki deja kraze. Lebèl tounen bay gwoup la eksplikasyon. Li di : anfèt, mi sa te fè travay li byen nan 2 premye gwo lapli yo, men li kraze lè siklòn Sandi rive. De (2) chèf agwonòm, Aubè (ONI) ak Leonel (IRO), egzamine mi an, yo chak bay yon konsèy sou kòman konstriksyon mi yo ka amelyore. Apre sa, gwoup la kontinye monte mòn, vin pi lwen ravin nan. Men Aubè ak Leonel kanpe nan ravin kote gen 2 mi ki pat kraze. Aubè montre Manuel kòman mi an toujou byen kanpe, epi li egziye Manuel pou li fè foto mi sa yo. Manuel fè konsa : li pran foto yon mi djanm, ki pa kraze, antanke testaman pwojè a. Mi anba a, ki kraze, malgre li pi vizib bò lari a, pa antre nan evalyasyon an. Nan plas li, foto mi byen kanpe a pase pou prèv reyisit pwojè a.

Apre yo fin obsève espas pwojè a, apre konsèy ekspè yo, gwoup agwonòm, travayè ONG, ak plantè, jwenn kèk remèsiman. Apre Lebèl ak evalyatè yo te fin pwononse remèsiman pa yo, Franswa, KAZÈK (Konsèy Administrasyon Seksyon Kominal) lokal la, te rive pale. Franswa tap travay pa sèlman kòm KAZÈK, men li tap travay tou pou lòt ONG anba menm inisyativ IKA nan zòn nan. Men pawol li mache ak sak tap di yo. Menmsi anplwayè IRO di ke moun Leta te patisipe nan pwojè yo, Franswa di : « yo pa janm pa janm envite m. » Diskou li a te kraze rityèl fòmèl lan kote tout gwoup yo te di mès. Gen kèk lòt moun ki te vreman pa alèz. Lebèl eseye kanpe li anpil fwa. Lebèl kòmanse kanpe li nan yon fason janti, men anfen, li di Franswa : « Ou pale twòp ! » Franswa kontinye kanmenm. Mwen tap gade Aubè, ki tap ri. Malgre Aubè konnen Franswa depi lontan, *je dou* li fè (Geertz 1994) montre nou ke nan moman sa a li pat alèz ditou. Finalman,

Aubè fini enteraksyon an: « Ok, ann ale. » Dousman, tout moun kòmanse desann ravin nan pou ale nanmachin yo.

Motivasyon Franswa an pat klè. Li fè referans ak pozisyon li kòm ofisyèl leta a. Men an menm tan, li tap travay pou yon lòt ONG nan zòn nan. Kèlkeswa motivasyon li genyen, diskou li a mete yon limyè epi fokis atansyon an sou bagay ki pa vizib nan evalyasyon an. Li souve posiblite ke menmsi ATAD ak IRO di yo gen patisipasyon Leta ak lòt òganizasyon, petèt sa te yon manti. Epitou, Franswa mete aksan sou posiblite ke lòt moun ak aktè nan kominote a ka pa dakò ak pwojè a, kekominote a se pa yon gwoup omojèn, anfèt yo se yon gwoup aktè ki ka benefisye nan yon fason inegal. Apre Franswa te fini ak diskou li a, pat gen kesyon ditou. Aubè eseye inyore pawòl Franswa yo, li detounen atansyon an e kòmanse deplase gwoup la. Mete an kesyon estrikti ak ekriti oto-evalyasyon an te kraze nan yon lòt moman tou. Leonel ak Sandra, kòm reprezantan IRO, te reponn ak sètitud kesyon Manuel yo sou patisipasyon Leta ak òganizasyon yo. Men repons yo pat tèlman korèk. Pawòl mi kraze a, divèjans ant aktè yo, deranje senaryo « reyisit » la (wè Callon 1986). Nan moman evalyasyon sa yo, resi « reyisit » a maske pèfòmans reyèl la.

Nan odit, moman sa yo patisipe nan konpozisyon yon pèfòmans, - yon « rityèl verifikasyon » ki akonpaye odit la (Power 1997). Pèfòmans sa yo itilize ak ranfòse wòl èd entènasyonal la defini. Aktivite yo egzije kèk wòl : oditè yo, moun ki resevwa odit la, « ekspè » ak « plantè sans konesans ». Tankou Butler (1990) ekri, nan pèfòmans yo, moun ki ap « fè » aksyon an jwenn fòm nan tou « fèt ». Konsa, pèfòmans la jwe wòl diferans ant moun ki oditè ak moun ki resevwa odit la. Plantè ak agwonòm fè travay konstwi ak rann kategori sa yo pi solid. Aubè ak Leonel, ekspè yo, bay peyizasyon yo lekti pa yo sou kesyon agwonomi, epitou ranfòse pozisyon pa yo anvè plantè yo. Manuel, oditè a, kesyone ak dokimante odit la, e li plis fè lekòtrè ke jwe wòl li kòm « obsèvatè enpasyal ». Men estrikti ak ekriti pèfòmans lan deranje nan anpil moman, sa ki pèmèt negosyasyon. Yon ofisyèl Leta, ki pa kontan ak pwojè a, atire atansyon sou majinalizasyon li, epi li poze kesyon sou koyerans pawòl ak aksyon yo ak sou veritab

« patisipasyon Leta ». Ekriti, jan mwen konprann li an, fè aktè ak pèsonaj bezwen pale: Leonel ak Sandra dwe reponn kesyon sou patisipasyon ak konfyans, menm si yo pa korèk.

Malgre vizit se yon moman kout nan tan evalyasyon an, li peze lou nan rapò a. Gen yon fokus sou sa ki vizib, pa ekzanp sa yon foto oswa yon enskripsyon fè kwè. Rapò a swete jwen enfòmasyon sou pwosesisyon moman. Lè viziblite vin pi enpòtan, kesyon an se « kisa viziblite kache » (Strathern 2000). Pwosesis ak objè ki vin vizib kache lòt pwosesis ak lòt objè. Bagay ki pa « reyisi » oubyen ki konplèks, yo rejte yo nan yon « chèche reyisit ». Power (1994) di ke odit tounen kontwòl sou kontwòl : odit asire kalite sistèm kontwòl, olye kalite operasyon prensipal la. Pandan aparèy devlopman an ap kouvri Ayiti, kilti odit vini tou. Christian Vannier (2010) souliye reyalyite sa a : òganizasyon debaz yo an Ayiti vin odite deplizanplis, nan yon efò pou retire politik nan òganizasyon sa yo. Nan moman sa yo, nou wè kòman odit ak enterè nan « pwojè reyisi » pwodwi ekriti ak pwosesis ki kache reyalyite entèraksyon yo.

Konklizyon

Panse devlopman an tèm pwojè, se yon matris enpòtan pou konprann fonksyonman ONG: Egzamine relasyon ant travay ONG ak donatè yo kòm USAID (Schuller 2012), moun ki resevwa sèvis ONG yo ak anplwayè ONG yo menm (Lewis 2008, Fechter and Hindman 2011, Schuller 2012) : analiz « pwojè a », kòm yon aspè enpòtan « devlopman », konstwi sou baz fondasyon etid ONG yo. Analiz sa a ouvri ankadreman analitik pou konsidere kijan aparèy biwokrasi èd vin gen yon efè pwofon nan atitud ak aksyon nan mòn Ayiti yo. Epi tou, « pwojè a » se fason plizyè Ayisyen konprann sistèm èd la.klasifikasyon sa a pèmèt nou konprann kijan èd la, sou fòm sèvis sosyal an Ayiti, selektif e pa efikas. Pwojè se pa sèlman yon fòm òganizasyon administratif, se *lavi* ONG yo (Freeman and Schuller ND).

An Ayiti kou lòt kote, multiplikasyon ONG, ak enpinite nan fason lajan èd mal depanse, enspire òganizasyon « veye yo », ansanm ak gwo apèlpou kontablite. Men apèl sa yo liye ak

kontablite finansye. Si nou swiv etimoloji *kontablite*, nan mo *kontab*, nou wè ke odit vle kontwole lajan ki depanse. Kòm rezilta, enterè pou bay verite sou kijan lajan itilize te kreye metòd evalyasyon kontab ak repòtab. Poutan, efè pi konplèks konsèvasyon ak devlopman yo disparèt.

Nan travay sa a, ki se yon kontribisyon antwopolojik sou etid ONG, nou montre dinamik ki fòme kontèks èd la. Itilizasyon pwojè ONG ak òganizasyon kominotè yo fè, taktik evalyasyon kesyonab pètèt ranseye sou yon gwoup aktè ki ap defann enterè espesifik. Malgre sa a, aktè yo bezwen travay nan yon estrikti èd pi laj. Jude, ki negosye estrikti evalyasyon ONI pou fè yon pwojè « reyisi », rekonèt limit travay li. Kèk mwa apre fen pwojè a, pandan nou ap manje, Jude di mwen li gen anpil fristrasyon sou kijan finansman èd la estriktire. Preferans li se pou travay ansanm ak plantè yo ak mèt tè yo pou devlope pwogram entegre pou travay nan agrikilti ak konsèvasyon sòl. Depi lè sa a, li te kòmanse yon lòt inisyativ ki bay chak plantè konsèy endividalize - yon entèvasyon a lontèm ke yo vrèman renmen. Men pou rive jwenn posibilite sa a, li te bezwen jwe jwèt pwojè a.

Èd vin wout prensipal finansman pwojè yo. Menmsi plantè, travayè ONG, ak reprezantan òganizasyon èd yo pa dakò ak sistèm nan, nan yon kontèks ki manke resous, yo tout oblije jwe nan sistèm pwojè a.

Travay site

- Butler, Judith. 1990. *Gender Trouble: Feminism and the Subversion of Identity*. New York: Routledge.
- Callon, Michel. 1986. "Some Elements of a Sociology of Translation: Domestication of the Scallops and the Fishermen." *In Power, Action and Belief: A New Sociology of Knowledge?*, edited by John Law, 196–223. London: Routledge.
- Collier, Stephen J., and Aihwa Ong. 2005. "Global Assemblages, Anthropological Problems." In *Global Assemblages: Technology, Politics, and Ethics as Anthropological Problems*, edited by Stephen Collier and Aihwa Ong, 3–21. Malden, MA: Blackwell.

- Erasmus, Charles John. 1952. "Agricultural Changes in Haiti: Patterns of Resistance and Acceptance." *Human Organization* 11 (4): 20-26.
- Fechter, Anne-Meike, and Heather Hindman. 2011. *Inside the Everyday Lives of Development Workers: The Challenges and Futures of Aidland*. Sterling, VA: Kumarian Press.
- Freeman, Scott, and Mark Schuller. ND. "Markets of Aid: The Visibility and Commodification of NGO Projects in Haiti"
- Geertz, Clifford. 1994. "Thick Description: Toward an Interpretive Theory of Culture." *Readings in the Philosophy of Social Science*, 213-31.
- Hirschman, Albert O. 1967. *Development Projects Observed*. Brookings Institution Press.
- Katz, Jonathan M. 2013. *The Big Truck That Went by: How the World Came to Save Haiti and Left behind a Disaster*. Macmillan.
- Latour, Bruno. 1996. *Aramis, Or, the Love of Technology*. Vol. 1996. Harvard University Press Cambridge, MA.
- . 2005. *Reassembling the Social: An Introduction to Actor-Network-Theory*. Vol. 1. Oxford University Press.
- Lewis, David. 2008. "Using Life Histories in Social Policy Research: The Case of Third Sector/public Sector Boundary Crossing." *Journal of Social Policy* 37 (04): 559-78.
- Lewis, David, and David Mosse. 2006. *Development Brokers and Translators: The Ethnography of Aid and Agencies*. Kumarian Press.
- Leys, Colin. 1996. "The Rise & Fall of Development Theory." Indiana University Press.
- Lwijijs, J. 1993. *Entè OPD: Kalfou Pwojè*. Bibliothèque nationale d'Haïti. <http://books.google.com/books?id=LeYMHAAACAAJ>.
- Mosse, David. 2005. *Cultivating Development: An Ethnography of Aid Policy and Practice*. Ed. Pluto Press, London.
- Ong, Aihwa, and Stephen J. Collier. 2008. *Global Assemblages: Technology, Politics, and Ethics as Anthropological Problems*. John Wiley & Sons.
- Power, Michael. 1994. *The Audit Explosion*. Demos.

- . 1997. *The Audit Society: Rituals of Verification*. Oxford: Oxford University Press.
- Pretty, Jules N., and Parmesh Shah. 1997. "Making Soil and Water Conservation Sustainable: From Coercion and Control to Partnerships and Participation." *Land Degradation & Development* 8 (1): 39–58.
- Schuller, Mark. 2009. "Gluing Globalization: NGOs as Intermediaries in Haiti." *PoLAR: Political and Legal Anthropology Review* 32 (1): 84–104.
- . 2012. *Killing with Kindness: Haiti, International Aid, and NGOs*. Rutgers University Press.
- Scott, James C. 1998. *Seeing like a State: How Certain Schemes to Improve the Human Condition Have Failed*. New Haven: Yale University Press.
- Shore, Chris, and Susan Wright. 2000. "Coercive Accountability." In *Audit Cultures: Anthropological Studies in Accountability, Ethics, and the Academy*, edited by Marilyn Strathern, 57–89. Routledge.
- Shore, Cris. 2008. "Audit Culture and Illiberal Governance Universities and the Politics of Accountability." *Anthropological Theory* 8 (3): 278–98.
- Strathern, Marilyn. 2000. *Audit Cultures: Anthropological Studies in Accountability, Ethics and the Academy*. Routledge.
- Tendler, Judith. 1977. *Inside Foreign Aid*. Johns Hopkins University Press.
- Tsing, Anna. 2001. "Nature in the Making." *New Directions in Anthropology and Environment: Intersections*, 4.
- Vannier, Christian N. 2010. "Audit Culture and Grassroots Participation in Rural Haitian Development." *PoLAR: Political and Legal Anthropology Review* 33 (2): 282–305.
- Watras, Joseph. 2010. "UNESCO's Programme of Fundamental Education, 1946-1959." *History of Education* 39 (2): 219-37.
- White, T Anderson. 1992. *Peasant Initiative for Soil Conservation: Case Studies of Recent Technical and Social Innovations from Maïssade, Haïti*. Environmental and Natural Resources Policy and Training Project.